

## **IRAGI RY'IBANGA RYA ANGELA MERICI MWERANDA.**

### **Intangamarara. Imvo n'imvano z'ako gatabu !**

1. Mama Angela, umusavyi atabikwiye wa Yezu Kristu.
2. (Aradondadagura amazina y'abakenyezi bahora bamushigikira mu vy'umutima no mu vy'imfashanyo).....
3. Umuhezagiro w'Imana Mushobora vyose uze kuri mwebwe mwese, kw'izina rya Data, ni rya Mwana, ni rya Mutima Mweranda. Amen.
4. Bavukanyi n'abavyeyi mfise ku mutima, mwebwe mukwiye kwubahwa mu Maraso ya Yezu Kristu,
5. Imana yashatse, mu migambi yayo izokwamaho, kubatora ngo ibakûre mu bwishime bwo ngaha kw'isi, ngo muyihebere mur'uwo Muryango wacu.
6. Ni Yo yashimye, mu buntu bwayo butagira ingero, kubagira igikoresho c'igikorwa cayo ntangere.
7. Yarabigize naho jewe, kubwanje , nd'umusavyi wayo atakwiye iryo iteka, kandi w'imburakimazi cane.
8. Ni Yo yankundiye kandi yampaye, ku buntu bwayo bwa misi yose, iyo nema n'iyongabirano yo kubarongora kubw'ugushaka kwayo.
9. Ni Yo yampaye iteka ryo kwitwararika ivyo mukeneye , cane cane mu kubarongora no kubashigikira mu butumwa mwahamagariwe.
10. Mu migambi myiza kandi ngombwa Imana yantoreye, ni mwebwe umugambi uhambaye cane.
11. Ni mwebwe muzwi nk'abavyeyi nyabo, babikwiye b'uwo Muryango w'iteka
12. yashize mu maboko yanyu.
13. Imana yabigize kugira ngo muwitwararike kandi muwutunge nkuko mwotunga abana mwibarutse. Kandi mukarushirizaho.
14. Ubu mur'ivyo, nashaka ngo muvyure ubwenge bwanyu mu gutegera inema nini cane, n'iteka mufise.
15. N'iteka ryo kuba, kubw'Imana, abavyeyi b'abayihebera benshi.
16. Imana nyene yashize mu maboko yanyu "abageni" biwe, ngo mubarongore.
17. Ese ingene mutegerezwa kuyishimira kuber'ivyo !
18. Ese ingene mutegerezwa kuyitabaza,
19. kuko yabahaye iteka ntangere ryo kuragira ubusho bwayo.
20. Iyo Mana rero n'ibahe ubwenge n'ubushobozi bwo kurangura igikorwa gifise iteka rinini mu nyonga zayo.
21. Muyisabe kugira ngo murangure ubwo butumwa bwanyu n'umwete mwinshi, n'amagara yanyu yose mufise.
22. Kuber'ivyo ni ngombwa gushinga ingingo yo kwifata ruto imbere y'ishaka ry'Imana mu buryo bwose.
23. Kandi mu kwemera kwuzuye nimuhabwe nayo ivyo mubwirizwa gukora mu rukundo rwayo.
24. Mur'ivyo, mu bizobashikira vyose, muragumya ibanga imisi yose gushika mu mpera.
25. Ariko, hejuru ya vyose, ndabasavye nshimitse mwese, kubw'ukubabara n'amaraso Yezu Kristu yasesetse kubw'urukundo adufitiye,
26. ndabasavye ngo murangurane umwete izo ngingo ngenderwako,
27. kubw'inema y'Imana, musanga hepfo zikurikirana.
28. Kuko, ubu, mu gusezera iyi isi.
29. mu kubahebera ikibanza, kuko muri basamuragwa banje, ndabasigaranye
30. izo mpanuro zizobabera iragi n'ugushaka kwanje kwa nyuma muzozirangure mudahengeshanya.

**IRAGI RYA MBERE. Ibanga ribangirwa urukundo n’umwete.**

1. Bavukanyi n’abavyeyi mfise ku mutima, kubwa Yezu Kristu,
2. ni mwigore kugira ngo, mufashijwe n’Imana, mugumye mu mutima ico cipfuzo :
3. *“Ni mwitwararike abo mwashinzwe mutumwe n’urukundo rw’Imana rwo nyene kandi mutumwe n’umwete wo gukiza imitima”.*
4. Mbere, iyo ibikorwa vyanyu vyose mugira mu kurongôra abandi, vyoshinga imizi mu rukundo n’umwete, ntivyosiba kwama ivyamwa vyiza kandi bizokiza.
5. Nkuko Umukiza wacu abivuga *“Igitu ciza kizokwama ivyamwa vyiza”*(Mt. 7,15-19). Igitu ciza n’ukuvuga umushaha n’umutima bitumwa n’urukundo, ntibishobora kutama ivyamwa vyiza, kandi vyeranda.
6. Kuber’ivyoyi na Agustino mweranda yavuze ati : *“Kunda, kandi gira ico ushaka!”*
7. N’ico kimwe n’ukuvuga icese ngo *“urukundo ntirushobora gucumura!”*.

**IRAGI RYA KABIRI. Ukwakirana urukundo ruzima n’umwitwarariko nyarwo.**

1. Kandi ndabinginze nshimitse ngo mugerageze kugumya mu mushaha wanyu abarerwa banyu bose, umw’ umwe ukwiwe.
2. S’amazina yabo yo nyene !
3. Ariko n’ ibibashikira vyose, kamere yabo, ibibakikije vyose, n’ubuzima bwabo bwose.
4. Ivyo ntibizobagora kubironka ni mwabâkirana urukundo ruzima.
5. Mbere ku bavyeyi bavyaye kubw’ umubiri, naho boba bavyaye abana ibihumbi, bobatwara bose, kandi umwe umwe ukwiwe, mu mushaha, bose mu buryo butashinguka.
6. Urukundo rw’ukuri ni co rugira.
7. Erega riho, uko abana bagwira, niko n’urukundo n’umwitwarariko, vyokwongerekana kur’umwe umwe muribo.
8. Nkanswe abavyeyi b’umutima barashobora kandi babwirizwa kwigenza gurtyo,
9. kuko urukundo rw’umutima, ata gukekereza, rushobora vyinshi kurut’urukundo rw’umubiri.
10. None rero, bavyeyi mfise ku mutima, ni mwakunda abo bana batobato banyu n’urukundo ruzima, rutagira ingero,
11. ni ho bizoshoboka kubashira bose mu bwenge bwanyu no mu mushaha wanyu. (Angela mweranda avuga ngo bategerezwa “kubafotora”, “kubacapisha” mu mutima).

**IRAGI RYA GATATU. Ukurongôrana urukundo, ubwitonzi n’igishika.**

1. Ubwa gatatu : ndabasavye ni mubitegere neza. Nimwigore ngo mubarongôrane urukundo, ubwitonzi n’igishika.
2. Nta kamaro ko gukoresha ubukazi n’igitsure !
3. Ni mubiyegerezanye ubuntu muri vyose.
4. Ni murabe Yezu Kristu avuga ngo : *“Mukunde n’ivyo nigisha, kuko ndi umwitonzi, kandi nkicisha bugufi bivuye ku mutima”* (Mt. 11,29)
5. No mu vy’Imana handitswe ngo *“ Yaringanije vyose mu bwitonzi”*. N’ukuvuga yuko Imana irongora ibintu vyose mu bwitonzi n’urukundo.
6. Yezu Kristu yongera avuga ati : *“N’ivy’ukyuri : Umuzigo nabahaye ntumereye, navyo, ivyo nzobashinga, ntibizobavuna”* (Mt. 11,30).

7. N'uko namwe muhamagawe gukoresha ubutekereji n'ubwitonzi uko mushobora, imisi yose.
8. Kandi hejuru ya vyose ni mwikingire ivyo gukoresha inguvu, n'agahato,
9. kuko Imana yabahaye ukwidgevya kuri umwe umwe muri mwebwe mwese.
10. Kandi Imana nta kiremwa cayo na kimwe, ishaka guhata.
11. N'ukuri Imana yerekana iciza, ikadutumira, ikaduhanura gusa.
12. N'umutumwa Yohani aduhanura kw'izina ry'Imana, ati : *“Ndaguhanura ngo utore urugori rutabora”*. Imana iraguhanura ntiguhata.
13. Turetse ivyo, ndemeye ko rimwe rimwe mutegerezwa gukoresha impanuro ikomeye n'igitsure.
14. Ariko, igihe kigeze, aho bikenewe, ku bantu bamwe bamwe, gusa.
15. N'ivyo twobigira dutumwe n'urukundo kandi n'umwete wo gukiza abantu, gusa.

**IRAGI RYA KANE. Turi abarezi n'abavyeyi b"abageni" b'Umwami w'abami. .**

1. Hanyuma mutegerezwa kurondera cane, no kwitwararika umwete, kugira ngo *“abarerwa”* banyu bamane ingeso nziza.
2. Babe nk'incoreke z'umwami, babere mu bwiza bw'imyifato yabo.
3. Niho bazoshimwa, mu buryo nyabwo, na Kristu Umunega wabo.
4. Kandi cane cane ni mubanguke mu kubitwararika cane, kugira ngo bamane ubwerentegerwa.
5. Nimubafashe kugira ngo, mu bikorwa vyabo vyose, mu myifato yabo yose, bamane ubutungane n'ubwitonzi.
6. Kandi bakore vyose mu kwiyumanganya no mu rukundo.
7. Murabona, mbere, ingene abavyaye abana kubw'umubiri, bigora kandi bagira umwete mwinshi, mu gushariza no mu gukomeza ubwiza bw'utwigeme twabo mu buryo bwinshi, ngo babonereho gushimwa n'abasore canke n'abo bazokwubakana
8. Uko abo bigeme babo bazosabwa n'abagabo b'iteka, kandi bamenyekana, niko bazokomeza umwete ngo abo bakobwa babo baterwe iteka mu bwiza, mu nyambaro no mu kurondera ikizonezereza abagabo babasavye.
9. Kandi n'abo bavyeyi babo bararyoherwa n'iteka ryo kuvyara no kurera abakobwa bashimwa gurtyo n'abagabo b'imboneka rimwe.
10. Mur'ubwo buryo mbere bizigira gusangira urukundo n'ubutore bw'umukwe w'iteka.
11. Ariko mwebwe mutegerezwa kugira umwete mu kwitwararika abo bigeme banyu bagenewe ijuru.
12. Bobo s'abageni b'abagabo bo ngaha kw'isi, bashobora kwandura ivyaha. Kuko na kare *“ahari umuntu ntihabura urunturuntu”*.
13. Mwebwe mwitwararika *“abageni”* b'Umwana w'Imana izokwamaho.
14. Ese ingene bihimbaye, ubwo bwiza bushasha n'iryo teka ry'ukuba abarezi n'abavyeyi b"abageni" b'Umwami w'abami, n'Umukama w'abakama.
15. Twoshobora kuvuga ko, muri bimwe bimwe, muzoronka iteka ry'ukuba *“banabukwe”* b'Umwana w'Imana.
16. Mur'ubwo buryo kur'abo bigeme muzoronka inema n'urukundo vy'Imana yo mw'ijuru.
17. Muzoba muhiriwe mwebwe ni mwabanguka, mukitonda mu gutegera iryo teka rishasha, rikaba irya kera.

**IRAGI RYA GATANU. Uguhanura n’ukugarura abazimiye.**

1. Bavukanyi, ni mwame maso ! Muhanure kandi mukebure n’umutima wanyu wose umwigeme, rimwe, kabiri, gatatu, canke na kane mu vyerekeye ikosa rigoye.
2. Mubonye atashaka kugamburuka,
3. nimumureke uko ari !
4. Kandi ntimusubire kumurungikira abahetsi canke abandi bavukanyi kumuramutsa.
5. Ico turondera nuko uwo mwana ari n’ikosa, amaze gutegera yuko mwihebuye, gushika aho mumuheba, yokwigaya.
6. Abonereho kuvyura inukumbu
7. yo kugaruka mu Muryango no kubandanya neza..
8. Ubiravye n’Imana yari yirukanye Adamu hanze y’iparadiso, kugira ngo ategere ubuhakanyi bwiwe kandi yigaye.
9. None rero ni wa mwana ashatse kugaruka , agahahakana igicumuro ciwe, mutegerezwa kumwakira.
10. Ariko rero ni mumwumvishe ko ategerezwa gusaba ikigongwe kuri mwebwe mwese no ku muhetsi.
11. Nk’impongano ni mumucire kwisonzeshya rimwe ku wa gatanu, mu kurya umukate n’amazi gusa.

**IRAGI RYA GATANDATU. “Igito gitabwa iwabo” ! “Akagumye, bagumako!”**

1. Hanyuma mwitonda cane, mubonye umwigeme ananiwe n’ uguheba akamenyero n’imigenzo bitagira mvura, naho bitahambaye cane.
2. Ku muntu nk’uyo, mwiyumvire yuko bizomugora kubandanya kurangura amategeko y’Umuryango.
3. Na kare ni atashobora guheba ibitobito, nkanswe bizomugora guheba ibininibinini.
4. Ariko rero mushobora kandi kwizigira yuko umwigeme atevye kuva mu kamenyero gatoyi kandi kabi, azoteba agatsinda mu nyuma, ntibizomugora kwitsinda no mu bindi vyose.

**IRAGI RY’ INDWI. “Uwugira inama agira Imana” ! Amanama n’inyigisho.**

1. Kabiri canke rimwe mu kwezi murondere uburyo bw’ugukoranira hamwe n’abajejwe abandi.
2. Muzoronka gurtyo uburyo bwo guhanuzanya,
3. no kurabira hamwe ivyerekeye ubuzima bw’Umuryango.
4. Cane cane mu vyerekeye amakuru abashinzwe abandi bazomenyeshya mu biraba imigenzo y’abigeme banyu.
5. Kandi mu vyerekeye ivyo bakeneye mu vy’umutima
6. no mu vy’umubiri
7. Muzogerageza kuvyitwararika muri vyose, uko Mutima Mweranda azobibumvisha.

**IRAGI RY'UMUNANI. Ukwubakira hamwe Umuryango !**

1. Muzokwitwararika gukoranya rimwe na rimwe “abarerwa” banyu ahantu heza kandi horoshe guhamvya.
2. Mur’ubwo buryo ( muronse umuntu ashobora kubigisha) muzobashikiriza inyigisho n’impanuro bibakomeza.
3. Gurtyo kandi bazoshobora kwung’ubumwe no kurabana ryiza nk’abavandimwe.
4. Mu kuzirikanira hamwe ivy’ibanga, bazonezerwa,
5. kandi bazoremeshanya.
6. Ivyo vyose bizobagirira akamaro gahambaye.

**IRAGI RY'ICENDA. “Abari basangiye ukwemera, bari basangiye n’itunga” (Ibik. 2,44).**

1. Birakwiye kandi biratunganye gukengurukira Imana yashatse yuko Umuryango wacu uronka imfashanyo ibatez’imbere.
2. Ariko rero ndabakebuye : ni mwitonde cane.
3. Ni mube abavyeyi beza kandi b’ukuri.
4. Imfashanyo yinjiye, ni muyikoreshe mu vyiza no mu majambere vy’Umuryango, uko ubwitonzi n’urukundo ruvyeyi bibatuma.
5. Mu vyerekeye ugukoresha iyo mfashanyo ntimuronderere impanuro ahandi.
6. Muhanurane mwebwe nyene,
7. uko urukundo na Mutima Mweranda azobigisha kandi azobamurikira.
8. Nimutumbereze vyose ku neza no ku kunguko vy’abana banyu.
9. Bibafashe , mbere, kuvyura umwete no gusunika abana mufise mu gukomeza urukundo n’ubutumwa basamgira .
10. Bibafashe kandi gukwega abashasha.
11. N’ayo, mbere, amaherezo y’ukuri Imana ishaka, mu gufasha aboro, no mu gutekereza. Iyo mfashanyo ivuye ku Mana idukura mu kabi no mu ngeso mbi.
12. Iyo mfashanyo idutume gukomeza ibikorwa vyiza n’inyifato nziza.
13. Urwo rukundo rw’Imana mu mfashanyo rudutez’imbere mu kwunguka mu mutima,
14. kuko, ku rundi ruhande, mur’ubwo buryo tuzokwihata, twongere dushigikira abantu ngo bakore ico bategerezwa.
15. Turabe akarorero k’umukobwa yemeye kwakira ingabirano umuntu atari uwo mu Muryango amuhereza. Uwo mukobwa aca ategerezwa gushimira no kunezereza uwo muntu yamugabiye.
16. Ntaba agishobora kumwankira mu gukora ivyiza..
17. Nuko nyene mu gutanga ingabirano n’imfashanyo, urahata abantu gukora iciza, kandi basigara bafashwe n’imigambi y’ukugikora no hanyuma.
18. Ni mukwirikire iyo nzira. Ntimuzoshobora kuzimira.

**IRAGI RY' ICUMI. “Ni mwigerere, ni mwame mugavye. Shetani yama yiyerereza.. irondera uwo yorotsa” (1 Pet. 5,8)**

1. Ndabasavye n’umutima wanje wose ngo mugire umwete wa cane, kandi mwitonde rwose ngo mubere abungere beza ubwo busho bw’ijuru,
2. Imana yashize mu maboko yanyu.
3. Mwitonde ngo mubuze guseruka hagati muri bo, urwamfu ruteranya kandi rutirimutsa.
4. Mur’iyi myaka turimwo, ntibura imigambi y’uburozi rw’imitima yanduza ubuhakanyi.
5. Mwibuke yuko Shetani itasinzira namba, ariko mu buryo bwinshi irondera kuduhonya.
6. Mwame maso rero !

7. Cane cane mwitwararike kwunga ubumwe mu kwumvikana mu gushaka kwanyu, uko tubisoma mu bikorwa vy'Abatumwa muri Ekleziya ya mbere : *“Ngo bari bamanye umutima umwe !”*(Ibik. 4,32)
8. Namwe ni mwigore ngo mwamane umutima umwe mu bakobwa banyu.
9. Uko mwebwe muzokwunga ubumwe kurushirizaho, niko na Yezu Kristu azoba hagati yanyu nk'umuvyeyi n'umwungere wanyu kurushirizaho.
10. Nta kindi kimenyetso kizoruta ico : *“Mwamane inema, urukundo n'ubumwe vy'Umukama”*.
11. Nkuko We abivuga : *“Ni mube umwe nkuko jewe na Data turi umwe. Niho abantu bazobona yuko muri abigishwa banje, kuko muzokundana”*. (Yoh. 17,20-23)
12. Ng'ico ikimenyetso nyaco yuko ugukundana no kwunga ubumwe kuzobagenza ku rugendo rw'ukuri Imana ikunda.
13. None rero, mwebwe muri abavukanyi mukaba n'abavyeyi, ni mwame maso mur'ivyo, kuko Shetani azobatega, mu kwinyegeza mu vyiza.
14. Kuber'ivyo, naho hoba intanguro gusa y'akaranda k'umutima nkako, murondere umuti mutatevye, uko Imana izobamurikira.
15. Ntimureke na gatoyi ngo rumere kandi ngo rukure urwiri nk'urwo mu Muryango.
16. Kuko ako karanda k'umutima kazokwanduza abandi mu muji n'ahandi.
17. Na kare ahari ugutumvikana mu ngingo ngenderwako, niho hari amacakubiri ya cane.
18. Ahari amacakubiri , niho, ata gukeka, hazoba imanga, uko Umukiza yabitubariye : *“Ubwami bwose budashira hamwe, buzohona”* (Mt. 12,25)

### **IRAGI RYA CUMI NA RIMWE, RIKABA RYA NYUMA. Ugusezerana !**

1. Mu gusozera ndabasavye nshimitse ngo mwitwararike rwose amategeko ashinzwe, cane cane mu gitabu c'Amategeko, arangurwane umwete mwinshi.
2. Ni, mu myaka ihinduka n'ibikenewe bihindagurika, mwoba mukeneye gushinga ayandi mategeko, canke guhindura tumwe tumwe, mubigirane ubwitonzi n'inama nziza.
3. Imisi yose na hose amahungiro yanyu abe ugupfukama imbere ya Yezu Kristu.
4. Niho, hamwe n'abana banyu, muzosengera mushimitse.
5. Kuko mur'ubwo buryo Yezu Kristu azovyagira hagati yanyu, ata gukeka. Niho azobamurikira akabigisha nk'umwigisha mwiza kandi w'ukuri mu biraba ivyo vyose mutegerezwa gukora.
6. N'ico mwokwemera ata gukekereza : ko uwo Muryango washinze imizi mu kiganza ca Yezu, ata ahandi.
7. Mwemere yuko atazoheba uwo Muryango gushika uko iyi isi izoramba.
8. Na kare iyo ari we yawushinze , ni nde azokwubahuka kuwushingura.
9. Ni muvyemere !
10. Ntimukekereze !
11. Mwemere yuko bizoba gurtyo nyene.
12. Ndazi ico mvuga !
13. Hahiriwe abo bose bazowitwararika !
14. Ni mwaba ingumyabanga mu kurangura ivyo vyose n'ibindi bisa n'ivyo, uko Mutima Mweranda azobumvisha, mu bibashikira vyose, no mu bihe vyose, munezerwe, muhimbarwe.
15. N'ukuri, muzotegurirwa impera nini.
16. Aho abana bazoba, n'abavyeyi babo niho bazoba.
17. Ni munezerwe, ntimugire amakenga. Mw'ijuru dushaka kubabona hagati yacu.
18. Kuko ari ivyo Umunega wacu rusangi ashaka.

19. Mbega ni nde yoshobora kumwankira ?
20. We, mu gihe co kwitaba kwanyu, mu rupfu rwanyu, azobambikisha umuco n'ugusayangana kwiwe.
21. Ni We azobakûra mu minwe y'umwansi.
22. Mu kugumya ibanga rero no mu kanyamuneza, mukomeze igikorwa mwatanguriyeko.
23. Mwikingire, n'ukuri, ni mwikingire ivy'ubunebwe,
24. kuko indagano nabaraganiye zizoranguka mu buryo bwuzuye.
25. Ubu ndigiriye !
26. Namwe , mur'iyi myaka, nimugire, ico mutegerezwa kugira.  
Imbere yo kugenda, nshaka bugwana mu nda namwe mu mahoro.
27. Ndatabaza Imana ibahezagire : Data na Mwana na Mutima Mweranda. Amen

Ako gatabu kanditswe na Angela merici Mweranda citwa igitabu “**TESTAMENT**” n'ukuvuga iragi uwo Meranda yaturaganiye abigeme bashaka kumukurikira.

**Menya neza rya mbere : ijambo ry'ishimikiro** ku kigabane kimwe kimwe, catowe n'abahinduye ico gitabu mu rurimi rw'ikirundi, atari na Angela Mweranda. Ivyo vyagizwe kugira ngo dutegere inyigisho nshimikiro irimwo.

**Menya neza rya kabiri : Abagerageje kubihindura mu kirundi no kubikosora** ni P. Modesto w'abamissionari b'Abasaveriani, hamwe na Mama Mariya Nizigama y'ababikira ba Dorothea Mweranda wi CEMMO mu kwezi kwa Rusama 2012. Barabipfuriza gukuramwo akamaro keza mu buryo bwinshi.